




# Massachusetts Drug Supply Data Stream (MADDS)

## Public Health Bulletin: Emerging Nitazenes Trend July 2024

### Feso Done Massachusetts pou Apwovizyònman Dwòg (Massachusetts Drug Supply Data Stream, MADDS) Bilten Sante Piblik: Tandans pou Jwenn Nitazenes -Jiyè 2024

Resaman, gen plis echantiyon dwòg yo te teste Massachusetts ki te gen tras nitazèn, ki gen ladann protonitazè, isotonitazèn ak metonitazèn. Nitazèn yo se yon tip opyoyid sentetik. Sèten pi fèb pase fentanyl, men gen lòt ki ka jiska 40 fwa pi pisan. Medikaman sa yo souvan melanje ak dope, fentanyl epi heroyin. Sa rive souvan yo jwenn plis pase yon nitazèn nan yon echantiyon, tankou isotonitazèn ak metonitazèn oswa metonitazèn ak protonitazèn. Yo konn jwenn yo souvan tou ki melanje ak fentanyl epi xylazin. Kantite echantiyon ki teste pou MADDS yo jwenn ki te gen nitazèn se te 6 an 2023 epi 17 soti janvyè rive nan jiyè 2024 (laboratwa detekte tras sibstans sa yo).

### Nitazèn yo nan Tès Laboratwa ki baze sou Konte Orijin Echantiyon Dwòg la



**Nitazèn se yon gwoup dwògsentetik ki trè fò. Yoka pi fòanpil pase fentanyl, sa ki vle di yo ka danjereanpil, menmsi kantite yo piti.**

**Yo te jwenn nitazèn yo nan dwòg ilegal, sa ki fè yo danjre paske moun gendwa pa konnen y ap pran yo. Kat jewografik sa a montre ki kote nan Massachusetts yo te obsève nitazèn yo nan apwovizyònman dwòg dènyèmman.**

**Naloxone kapab sove vi moun pandan yon ovèdòz. Li trè efikas, men ou gendwa bezwen dwe bay plis doz si moun lan pran nitazèn. Toujou bay naloxone, bay respirasyon sovtaj epi rele 911.**

Kat sa a baze sou done StreetCheck soti nan mwa janvyè 2023 rive nan mwa jiyè 2024

Done klinik yo limite paske dwòg sa yo pa apwouve pou moun pran yo. Sepandan, nou atann nou pou yo koze efèopyoyid tipik epi pou gen yon gwo risk ovèdòz. Moun ki itilize nitazèn gendwa devlope yon tolerans ki pi wo pou opyoyid epi gen sentòm mank ki pi grav oswa pi rapid.

Lè moun dekri nitazèn, yo di li "difisil pou fimen" epi vapè yo gen yon koulè jonn. Moun ki pran nitazèn yo deklare tou yo konn gen lagratèl, boudònman nan zòrèy, pèdi konesans, ovèdòz epi yo santi yo trè malad lè yo pran dwòg ki gen nitazèn ladann.

Naloxone (Narcan) ka trete ovèdòz ki asosye ak nitazèn, men ou ka dwe itilize plis dòz epi fè respirasyon sovtaj pandan plis tan paske nitazèn yo trè fò. Tann 2-3 minit ant chak doz naloxone, epi bay respirasyon sovtaj ant chak doz naloxone. Toujou rele 911. Gwo doz naloxone (ki gen plis pase 4mg of naloxone pa inite) pa rekòmande. Li pi bon pou bay ti doz naloxone epi rekòmanse, si sa nesèsè. Pa gen okenn prèv ke nitazèn yo rezistan ak naloxone.

\* Tout echantiyon yo te founi pa pwogram rediksyon danje oswa depatman lapolis te bay yo pou fè tès MADDS. MADDS se yon kolaborasyon Eta a finanse ant chèchè Brandeis University yo, Depatman Sante Piblik Massachusetts, divès depatman polis minisipalite ak ajans rediksyon danje. Kontakte nou nan [maddsbrandeis@gmail.com](mailto:maddsbrandeis@gmail.com).

Nan Massachusetts, nou te wè nitazèn yo ki soti depi nan mwen pisan pase fentanyl rive nan jiska 25 fwa pi pisan pase fentanyl. Tablo ki anba a montre pisans diferan tip nitazèn yo konpare ak fentanyl. Li gen ladann nonsèlman nitazèn yo te jwenn nan echantiyon dwòg ki te teste Massachusetts, men gen lòt tip nitazèn tou ki pa liste isit.

<b>Tip Nitazèn:</b>	<b>Fòs li konpare ak Fentanyl:</b>
<b>Metodesnitazèn</b>	pi fèb pase fentanyl
<b>Metonitazèn</b>	menm fòs ak fentanyl
<b>Lsotonitazèn</b>	5 fwa pi fò pase fentanyl
<b>Protonitazèn</b>	5 fwa pi fò pase fentanyl
<b>Etonitazèn</b>	10 fwa pi fò pase fentanyl
<b>N-Pyrrolidino Protonitazèn</b>	25 fwa pi fò pase fentanyl

\*Menmsi se egzanzp sa yo nou te wè Massachusetts, nitazèn yo kapab jiska 40 fwa pi fò pase fentanyl. Menm nan kantite pi tou piti (tras), nitazèn yo ka fò, efè yo anverite depannde konsantrasyon ak doz la.

### Rediksyon Danje epi Konsèy Sekirite pou Nitazèn yo:

- Kòmanse ba epi ale lantman lè w ap sèvi ak dwòg ki gendwa kontni nitazèn
- Itilize ansanm ak lòt moun, si sa posib, pou moun prezan pou entèvni sizoka ou ta fè yon ovèdòz
- Si w pou kont ou lè w ap pran l, rele Safe Spot nan 1-800-972-0590, yon moun pral rete nan telefòn avèk ou pandan w ap pran dwòg la epi li ka rele pou yo vin ede w sizoka ou fè yon ovèdòz
- Pote naloxone (Narcan) sou w
- Doz anplis naloxone gendwa nesèsè, tann 2-3 minit ant chak doz naloxone, bay respirasyon sovta j ant chak doz epi rele 911
- Pswodui gwo doz naxolone ki gen plis pase 4mg naloxone pa inite pa rekòmande
- Fè teste dwòg la anvan ou itilize li, si sa posib pou planifye pou sekirite yon fason ki pi enfòme

Nitazèn yo gendwa difisil pou idantifye pa mwayen zouti yo itilize pou verifikasyon dwòg nan kominote a. Pami echantiyon ki pozitif pou nitazèn ki idantifye nan kontwòl dwòg k ap sikile nan kominote a, nou te jwenn protonitazèn se sa ki te gen plis chans pou nou detekte li. Bann tès nitazèn yo egziste men se yon teknoloji ki fèk parèt yo dwe plis teste sou eteren epi ki poko konsidere kòm fyab. Bann tès fentanyl yo ak bann tès xylazin yo pa ka detekte nitazèn nan sibstans yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou adrès patnè MADDs yo ak sèvis kontwòl dwòg nan kominote yoki disponib Massachusetts, al gade nan [StreetCheck.org/find-drug-checking-services](https://www.streetcheck.org/find-drug-checking-services) oswa eskane kòd QR la ki anba a.

Eskane kòd QR la pou konnen  
kikote pou jwenn sèvis  
kontwòl dwòg Massachusetts  
ak nan lòt Eta yo

